

Entwodi

Sistèm Enfòmasyon Iminizasyon Massachusetts

MIIS

Fèy Enfòmasyon pou Paran ak Pasyon yo



MIIS lan se yon nouvo sistèm ki nan tout eta a pou veve dosye vaksinasyon w ak pa fanmi w. Dosye sa yo gen lis vaksinasyon (vaksen) ke oumenm ak pitit ou resevwa kon lawoujòl, varisèl, tetanòs, ak lòt maladi. Bi a se pou asire ke tout moun nan Massachusetts ajou ak vaksen yo e ke dosye yo disponib lè ou bezwen yo – kouwe lè pitit ou komanse lekòl, lè ou bezwen èd medikal an ijans, oubyen lè ou bezwen chanje founisè swen lasante w.

Kisa MIIS ye?

- Yon sistèm enfòmasyon ki ramase ak kenbe enfòmasyon vaksinasyon de baz pou moun ki viv nan Massachusetts.
- Yon sistèm senesòf ak konfidansyèl, jan lalwa Massachusetts egzije
- Yon sistèm ki disponib pou nenpòt ki moun kelkeswa laj la, li pa sèlman pou timoun.

Kijan sa pral ede m?

MIIS lan:

- Ede oumenm ak fanmi resevwa meye swen kelke swa kote ou resevwa swen lasante.
- Asire ke oumenm ak pitit ou pa rate okenn vaksen oswa resevwa twop.
- Ka enprime yon dosye pou ou oswa pitit ou lè ou bezwen l – si ou al rete yon lòt kote, si doktè w pran retret li, oswa lè pitit ou komanse lekòl oswa kan dete.

Poukisa sa enpòtan?

Jan ou konnen, orè vaksen pou kenbe w an santé gen dwa tre konplike. MIIS lan:

- Ede founisè swen lasante w pou l konnen ki vaksen pou l bay e ki lè pou l bay yo.
- Kenbe tout papyè vaksen paw, pa fanmi w, ak founisè swen lasante w ansan.
- Founi prèv vaksinasyon pitit ou.
- Ede anpeche kriz maladi lawoujòl ak lagrib nan kominòtè w.
- Kenbe dosye vaksinasyon w senesòf pandan yon dezast natirèl kouwe inodasyon oswa siklòn.



Ki enfòmasyon ki pral rete nan MIIS lan?

- Yon lis vaksen ke oumenm ak pitit ou resewva avek tout sa nou pral resewva nan le fiti.
- Enfòmasyon yo bezwen pou vaksinasyon senesòf pou chak pasyan, kouwe:
 - » Tout non w ak dat de nesans.
 - » Seks (gason oswa fi).
 - » Non jèn fi manman (pou timoun).
 - » Adrès ak nimewo telefòn.
 - » Biwo founisè a kote yo bay chak vaksen.

Kijan enfòmasyon an rive nan sistèm lan?

- Yo antre enfòmasyon sou timoun yo lè yo fèt oubyen lè yon timoun pran premye vaksen l.
- Founisè swen lasante w gen dwa ajoute dosye oswa dosye fanmi w si yo poko nan MIIS an.

Ki moun ki gen aksè a dosye m?

- Depatman Sante Piblik (DSP) sèvi ak denye mòd teknoloji pou asire ke tout enfòmasyon ki antre nan MIIS rete konfidansyèl ak an sekirite.
- Enfòmasyon ki nan MIIS lan sèlman disponib a:
 - » Founisè swen lasante oswa lòt moun ki asire vaksinasyon apwopriye, jan DPH otorize an.
 - » Lekol yo.
 - » Komite lokal lasante.
 - » DPH, enkli pwogram WIC lan, ak lòt ajans leta yo oswa pwogram leta yo ki founi edikasyon ak èd konsènan vaksen pou kliyan yo.
 - » Etid ke Komisè Sante Piblik apwouve ki ranpli tout kondisyon règleman legal estrik yo.

Kisa pou m fè si m pa vle pataje enfòmasyon mwen yo?

- Ou gen dwa pou w limite kilès moun ki kapab wè enfòmasyon ou yo.
- Pou limite kilès moun ki kapab wè enfòmasyon ou yo, ou dwe ranpli fòm 'Objeksyon oswa Anilasyon Objeksyon pou Pataje Enfòmasyon yo' (Objection or Withdrawal of Objection to Data Sharing) ke ou kapab jwenn kay moun ki ba w swen sante yo.
- Si ou decide pou mete limit pou moun ki kapab wè enfòmasyon ou yo, moun k ap ba w swen sante a kapab wè ki vaksen yo te ba w oswa bay timoun ou a, men li pap kapab wè dosye konplè vaksinasyon ou a.
- Si ou decide pou mete limit pou moun ki kapab wè enfòmasyon ou yo, ou pap genyen aksè nan tout benefis MIIS la, tankou pataje dosye vaksinasyon ou yo ak lekòl yo oswa sal dijans yo, ak yon dosye konplè sou vaksen yo nan yon sèl kote.
- Ou kapab chanje lide (decide pou pataje enfòmasyon yo oswa refize) nenpòt kilè.

Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Tanpri ale nan sit entènèt nou www.mass.gov/dph/miis, rele Pwogram Iminizasyon Massachusetts direktman nan 617-983-6800 oswa 888-658-2850, oswa mande founisè swen lasante w pou plis enfòmasyon.